Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БеквичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи



# Гумбет

Гумбет районалъул газета

www.mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

№ 55 (6452) 26 октябрь 2015 с. Итни МухIаррам 1437 с. Багьа 5 гъур.

АНТИТЕРРОР

## Питнаби тIиритIараб, батIулаб берцинлъараб, ГIадамал щайтIанлъараб ахирзаманайила...

### Терроралда дандечIараб данделъи тIобитIана Гумбет районалда



**21 октябралда Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбеталъул централда Дагъистаналъул гуманитарияб институталъул 3 курсалъул студентал ГIалигъалбацI ГIабдулаевас ва МухIамад МухIамаевас Гумбет районалъул гIадамазе цIалана «Экстремизмалдаса ва терроризмалдаса цIунизин» абураб темаялда лекция.**

Гьеб тадбиралда гIахьаллъана районалъул администрациялъул бетIерасул заместителал **ХIайбула ГIабдурахIманов ва АхIмад Каримов**, районалъул имам **ГIабдулагь-хIажи Закарикаев,** школазул цIалдохъаби ва цогидалги.

«Гъазаваталъул хIакъалъулъ гьересияб пропаганда гьабулездаса, ислам мекъи свеpизабун бицунездаса нилъго цIунизе, гьединаздаса рикIкIад чIезе ккола», - ян абуна лекция цIалулаго ГIалигъалбацI ГIабдулаевас. Гьоркьоб лъураб суалалъул кIвар букIинги бичIчIинабулаго, кIалъазе вахъарав районалъул имам ГIабдулагь-хIажи Закарикаевас абуна гIолилал экстремизмалдаса ва терроризмалдаса цIуниялъе хадубккунги хIаракатаб хIалтIи гьабизе кколилан. Экстремизмалъул жамгIияталъе бугеб хIинкъиялъул, киналго цадахъ лъугьун экстремизмалде, терроризмалде, наркоманиялде ва цогидабги нилъер гIумруялъулъ данде кколаребщиналде данде къеркьезе ккеялъул бицана райадминистрациялъул бетIерасул заместитель **АхIмад Каримовас**, районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев **Муса КъурамухIамадовас.**

Гьеб тадбир гIуцIараз гьенир гIахьаллъаразул суалазе жавабалги кьуна.

**«Гумбет» РИО**

2015 СОН – АДАБИЯТАЛЪУЛ ЛЪАГIЕЛ

## Гумбет районалъул централияб библиотекаялда тIобитIана поэтазулгун ва хъвадарухъабазулгун дандчIвай



**Гумбет районалъул централияб библиотекаялда тIобитIана поэтазулгун ва хъвадарухъабазулгун дандчIвай. Библиотекаялде гьоболлъухъ рачIана поэт, лъималазе ва чIахIиязе хъварал чанго тIехьалъул автор ПатIимат АхIмадибирова ва поэт, публицист, Россиялъул хъвадарухъабазул союзалъул ва журналистазул союзалъул член, Юсуп Хаппалаевасул ва МухIамад Шамхаловасул премиязул лауреат ХIамзат ГIизудинов.**

ДандчIваялда гIахьаллъана Гумбет районалъул Собраниялъул председателасул заместитель **ГIабдурахIман Дайтмирзаев,** МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул авар мацIалъул ва литератураялъул учительница **ХIабизат Амагаева,** МелъелтIа аслияб школалъул кIудияй вожатая **ПатIимат МухIамадова,** школазул цIалдохъаби ва районалъул библиотекаялъул хIалтIухъаби. МелъелтIа росдал библиотекаялъул нухмалъулей **Умижат Халидовалъ** бачана гьеб тадбир, гьелъ дандчIваялда гIахьаллъаразул лъай-хъвай гьабуна ПатIимат АхIмадибировалъул ва ХIамзат ГIизудиновасул творчествоялъулгун.

ХIамзат ГIизудиновас ва ПатIимат АхIмадибировалъ бицана гIумрудул, творческияб нухалъул, цIалана жидерго асарал.

ДандчIваялда кIалъазе рахъарал ГIабдурахIман Дайтмирзаевас ва **Сиядат ГIабдулмутIалибовалъ** абуна ПатIимат АхIмадибировалъул ва ХIамзат ГIизудиновасул творчествоялъ гIолеб гIел ВатIан бокьиялде, умумузул бахIарчиял ишал кIочон тезе риччангутIиялде ахIулел ругилан.

Хадуб МелъелтIа гьоркьохъеб ва аслияб школазул цIалдохъабаз рекIехъе цIалана ХIамзат ГIизудиновасул ва ПатIимат АхIмадибировалъул кучIдул.

Ахиралда районалъул библиотекаялъул нухмалъулей Сиядат ГIабдулмутIалибовалъ поэтазе ва гIахьалчагIазе жигараб гIахьаллъи дандчIваялда гьабуралъухъ баркала кьуна ва сайгъаталъе тIахьал кьуна.

**«Гумбет» РИО**

НОМЕРАЛДА РУГО:



Дун вохарав вуго дирго гIумру педагогасул хIалтIиялда бухьараб букIиналдаса

-2 гьум.



ЧIиркъатIа школалда данделъи

-2 гьум.



Нухазда хIинкъи гьечIеб хьвадиялъе гIоло

-3 гьум.



Санитариябгун рахунел унтабазде дандечIараб комиссиялъул данделъи

-3 гьум.

ГАРА-ЧІВАРИ

# Дун вохарав вуго дирго гІумру педагогасул хІалтІиялда бухьараб букІиналдаса

**Гумбет районалъул Данухъ росулъа МухІамад Сайпилаевасул 1979 соналда лъугІана Аргъвани гьоркьохъеб школа. ХІалтІи байбихьана 1984 соналда Данухъ росдал школалда кІудияв вожатиясул хъулухъалдасан. Хадув байбихьул классазул учительлъун хІалтІана. 1986 соналда МухІамад цІализе лъугьана Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул биологияlarъул факультеталде. Гьеб лъугІун хадув хІалтІизе лъугьана гІагараб росдал школалде. 20 гІан соналъ школалда кьолел руго биологиялъул ва химиялъул дарсал. 2001 соналдаса МухІамадица бажарун нухмалъи гьабулеб буго Данухъ гьоркьохъеб школалъе. Гьесие щвана «Россиялъул Федерациялъул гІаммаб лъайкьеялъул хІурматияв хІалтІухъан» абураб шапакъат, райадминистрациялъул, районалъул лъайкьеялъул отделалъул рахъалдасан ХІурматалъул грамотаби ва сайгъатал.**

- Дун кутакалда вохарав вуго дирго гІумру педагогасул хІалтІиялда бухьараб букІиналъ, - ян абуна МухІамадица. Бокьула дие учителасул хІалтІи. ГьитІинаб къоялдасаго анищ букІана гьелде. Гьаб ахираб заманалда учителасул хІалтІул къимат гІодобе кколеб букІаниги, гьеб кидаго букІана цебесеб кьерда.

Учитель – педагог. Чан лъикІал рагІаби ругел гьесул хІакъалъулъ. Заман аниги, чан чияс рехсолев жиндирго тІоцевесев учитель. Чан чи гьес кверкккун гІумрудул нухде тІовитІарав – гІадатияв хІалтІухъанасдаса вахъарав президентасде щвезегІан. Гьединлъидал педагогал мустахІикъал руго баркалаялъе ва шапакъатазе.

**- МухІамад, дуца нухмалъулеб Данухъ гьоркьохъеб школалда гьабсагІат бищунго кІвар буссинабизе кколеб суал кинаб бугеб?**

- Ахирал соназда гьединаб суаллъун лъугьун буго росабалъ лъимал дагьлъиялъул суал. ГІадамал шагьаразде, гІатІиракьазде гочунел руго гІумру гьабизе, росабалъ ресал дагьал рукІиналъ. Гьелдальун дагьлъулел руго класс – комплектал. Исана нижер школалда хутІана 5 класс-комплект. Райадминистрациялъул хІаракатталдалъун нижее ихтияр щвана школалъул гІумруялде рахинчІезе лъайкьеялъул цо къокъа рагьизе. Гьеб рагьиялъе гІарцудалъун кумек гьабулеб буго райадминистрациялъ. Дун кидаго рази вукІуна гьезул хІалтІудаса. Кумек щола районалъул лъайкьеялъул отделалъул хІалтІухъабаздасанги. Щиб къваригІел кканиги гьел кумекалъе ратула.



**- Школалда чан учитель вугев?**

- Кинавниги школалда вуго 9 учитель. Гьездасан 5 учителасул буго тІадегІанаб лъай, лъабгоясул гьоркьохъеб хасаб, цоясул лъугІичІеб тІадегІанаб лъай. ГІемерисел учительзаби руго жидеда тІадкъараб иш ракІбацІцІадго тІубалел, хІалтІуде рокьи бугел, лъималазулгун иш гІуцІцІун бажарулел. Лъималазул цІалул хІасилалги гьезда бараб бугелъулха. Учитель Насрула ЗайнулгІабидов ккола РФялъул гІаммаб лъайкьеялъул хІурматияв хІалтІухъан.

**- ЦІалдохъабаз республикаялда, районалда тІоритІулел олимпиадазда, конкурсазда гІахьаллъи гьабулищ?**

-Гьабула.ГІемерисездацого цІалдохъаби гІахьаллъаниги, нижер хІасилал абизе бегьула квешал гьечІин. Олимпиадазда ахирисеб кІиябго соналъ нижер школа букІана анлъабилеб бакІалда. Араб цІалул соналда республикаялда авар мацІалъе лъабабилеб бакІ щвана. «ЛъагІалил цІалдохъан – 2014» конкурсалда кІиабилеб бакІ, «ЛъагІалил цІалдохъан – 2015» конкурсалда тІоцебесеб бакІ щвана цІалдохъабазе.

Учительзабазги жигараб гІахьаллъи гьабуна «ЛъагІалил учитель – 2014», «Бищун лъикІав классалъул нухмалъулев – 2015» конкурсазда. «ЛъагІалил учитель – 2014» конкурсалда тІоцебесеб бакІ щвана СалихІат ГІабдулхІамидовалъе ва лъикІай гІуцІарухъан абураб грамота Ханза МухІамаднасировалъе.

**- Цогояб началихъиял экзаменазул хІасилал кинал ккарал?**

- ЕГЭ ккола школазул хІалтІул хІасилал роцунеб роценлъун. Ахираб кІиго соналда гьелде цІикІкІараб кІвар кьолеб буго киса-кибего. Гьеби хІисабалде босун нижецаги кІвараб жигар бахъана лъималазе гьваридаб лъайкьезе ва жалго тІадчІун хІалтІизе ругьун гьаризеги. ХІисабалъул ва гІурус мацІалъул гьоркьохъеб балл 50,3, 2015 соналда 72,75, районалда 40,00 ва республикаялда 43, 35, хІисабалъул 2014 с. 44, 2015 соналда базовияб даражаялда (уровеналда) 4, 25, районалда 27,64, республикаялда 26,18. ЦІалуда хадургъей бахана 100 проценталде ва киназего щвана аттестаталги. Гьеб хІалтІи гІуцІакъан тІобитІиялъе бажарун хІалтІи гьабуна мугІалимзаби СалихІаб ГІабдулхІамидовалъ, АсхІаб Шапиевас, Насрула ЗайнулгІабидовас.

**- ЦІалдохъабазе тарбия кьеялда хурхун гьабулеб хІалтІи кинаб бугеб?**

- ХІаракат бахъула тарбия кьеялда хурхун лъималазда гьоркьор батІи-батІиял тадбирал тІоритІизе. Байрамазда, классалъул сагІтазда гьезие гьарула умумузул гІадатазул, гІамал-хасият куцаялъул, ВатІан бокьиялда, терроризм – экстремизмалда хурхарал темабазда гара-чІвариял.

Школалда цоНиги лъимер гьечІо гІадлу хвезабулел, хьалиян, наркотик хІалтІизабулел, милициялъул учеталда ругел. Жеги халлъичІо гьезда гьоркьоб цІогь ва цогидаб чорокаб гІамал, буго адаб. Ниж гьелдаса рохаралги руго.

**- МухІамад, дур мурад ва учительзабазде хитІаб кинаб бугеб?**

- Школа ккола гІадан куцалеб къебелъи. Дир мурад буго нижеца лъайгун тарбия кьурав цІалдохъан, кинаб махщалил чи гьесул вахъаниги, лъикІав, бусурманав, иман-адаб бугев гІадан лъугьин.

КІудияб гьир буго учителасул гьажалда бегараб. ЗахІмалъиялде рачІинчІого, кье лъималазе лъай, хинлъи, рекІел кьуват, куцай лъикІаб ишалде, цІуне квешлъиялдаса.

Исанасеб сон Лъайкьеялъул сонлъун лъазабун бугелъул, гьарула школлъималазе цІалулъ бергьенлъаби. Учительзабазе хІалтІулъ икьбал, сахлъи, рохалилаб гІумру.

**ГІайшат Исламбиева**

ХІАЛТІУЛАБ КЪОКЪА РОСАБАЛЪ

# ЗахІматалъул къотІи-къаял ва буюрухъал

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІер МухІамадгІали МухІамадгІалиевасул бихьизабиялда рекъон, районалъул администрациялъул, налоговияб инспекциялъул ва Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъул хІалтІухъабаздасан гІуцІараб къокъаялъ бичІчІикьеялъул хІалтІи гьабуна букІине кколеб гьабичІого предпринимательлъиялъул хІаракатчилъиялда ругезулгун ва законалъул тІалабалги хвезарун гІадамазул захІматалдаса пайда босулезулгун.**

Рейдалги тІоритІун, хІалтІулаб къокъаялъ къотІи-къаял (договор) хъвана хІалтІуде гІадамал росиялъе.

Райадминистрациялъул экономикаялъул ва буголъиялъул гьоркьорлъабазул отделалъул нухмалъулев **ХІусен Мутаевас** абуна хІалтІулаб группаялъ халгьабун хадуб 103 бакІалда захІматалъул къотІи-къай хъванин ва 181 чи хІалтІуда теялъе буюрухъ хъванин.

Районалъул бетІерас баркала къуна хІалтІулаб группаялъе ва абуна кибго хъвай-хъвагІайги гьечІого хІалтІулезул къадар дагь гьабиялде хадубккунги кІвар кьезе кколин.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСУ

# ЧІиркъатІа школалда данделъи

**21 октябралда ЧІиркъатІа гьоркьохъеб школалда тІобитІана «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялда цебе гІуцІараб балугълъиялде рахинчІезда гьоркьоб хІалтІи гьабиялъул ва гьезул ихтиярал цІуниялъул комиссиялъул данделъи.**



Гьенир гІахьаллъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул бетІерасул заместитель, комиссиялъул председатель **АхІмад Каримов**, комиссиялъул членал: районалъул культураялъул, физическияб культураялъул, спорталъул, гІолилазул политикаялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель **НурмухІамад МухІамадов**, къайимлъи ва тІалаб-агъаз гьабиялъул рахъалъ специалист ПатІимат ГІумарахъаева, Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул балугъльиялде рахинчІезда гьоркьоб хІалтІи гьабиялъул рахъалъ инспектор **МухІамад ХІусейнов,** комиссиялъул секретарь **Шамил ГІалиев**, гьединго «село Чиркaта» росдал поселениялъул администрациялъул, школалъул дирекциялъул вакилзаби, участковияв уполномоченный.

Данделъиялда АхІмад Каримовас абуна ЧІиркъатІа комиссиялъул данделъи тІобитІиялъе гІиллалъун балугъльиялде рахинчІел лъимал школалде лъай босизе рачІунгутІиялъул хІужаби гІемерлъун рукІин ккодилан. Гьенир гьединго кІалъазе рахъана Шамил ГІалиев, МухІамад ХІусейнов.

**«Гумбет» РИО**

ИНФОРМАЦИОННЫЙ СТЕНД

**В Межрайонной ИФНС России № 12 по Республике Дагестан в целях информирования налогоплательщиков в фойе инспекции организован информационный стенд.**

На стенде для налогоплательщиков размещены нормативные документы, по регистрации учету налогоплательщиков, календарь представления налоговых деклараций, реквизиты для перечисления налогов и платежей в бюджеты всех уровней, коды бюджетной классификации. Информация на стенде обновляется регулярно. Налогоплательщики часто используют образцы бланков размещенных на стенде.

**Ш. А. Гаджиев,**
**зам. начальника,**
**советник государственной гражданской службы РФ**
**2 класса**

ГЪАЛАТІ БИТІИЗАБИ

Гьаб соналъул 19 октябралда къватІибе араб «Гумбет» газеталъул (№ 54) кІиабилеб гьумералда бахъараб «ЦІиял ахазул 27 гектар, тІоцалил 413 тонна…» абураб макъалаялда гъалатІ ун буго. ТІоцебесеб колонкаялъул тІаса гьоркье 21 аб. мухъ цІализе ккола» 235 тонна картошкадул араб соналдаса цІикІкІун абун».

НУХАЛГИ МЕХАЛГИ

# Нухазда хІинкъи гьечІеб хьвадиялъе гІоло

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул комиссиялъул нухазда хьвадиялъул хІинкъи гьечІолъи цІуниялъул рахъалъ заседание тІобитІана. Гьеб рагьана рехсараб комиссиялъул председатель, районалъул администрациялъул бетІерасул заместитель ХІайбула ГІабдурахІмановас.**



Заседаниялда гьоркьоб лъуна «2015 соналъул 9 моцІалъ районалъул ракьалда автотранспорт хьвадулел нухазда авариял ккеялъул бугеб хІал ва 2015 – 2016 сонazул хасалил заманалда сапаралъ унезе хІинкъи гьечІеб хІалалда шагьранухал къачІан чІезариялъул рахъалъ церечІарал масъалабазул хІакъалъулъ» абураб суал. Рехсараб суалалда тІасан информациягун кІалъана ОГИБДДялъул нухмалъулесул ишал тІуралев **АхІмадбег Загьидов.** ТІасан кІалъаял гьаруна ХІайбула ГІабдурахІмановас, **ГІалимчилав ГІалимчилаевас, Муса МухІамадовас, Мурад Расуловас.**

Заседаниялда къабул гьабураб хІукмуялда бихьизабун буго: «Гумбетовское ДЭП - № 10» ОАОялъул нухмалъулев ГІалимчилав ГІалимчилаевасда тІадаблъун гьабизе шагьранухазда хІинкъи гьечІеб хьвади букІинабизелъун цо-цо хІалтІаби октябрь моцІрол ахиралде ва ноябрь моцІрол байбихьуде лъугІизаризе. Масала, Хасавюрт – Кьохъ шагьранухлул 46-70 абилел километразда хасалил шартІазде хІадурлъи ва 70-78 абилел километразда ремонт гьабун лъугІизабизе. МелъелтІа-РикІвани нухалъе ремонт гьабизе. ГІураб къадаралда цІам босизе ва нухда цІер къараб мехалда щвазе цІамги салиги жубараб жо хІадуризе.

«Гумбетовское ДЭП - № 10» ОАОялъ ва «Сельсовет "Мехельтинский"» росдал поселениялъул администрациялъ жиндир заманалда шагьранухал рацІцІад гьаризе ва цІер къараб заманалда цІамги салиги щвазе.

Нухазул гІуцІиялъ ва «Село Нижнее Инхо» росдал поселениялъул администрациялъ Гьоркь Инхо – Килалъ шагьранух сапаралъ унезе хІинкъи гьечІеб хІалалда чІезабизе.

«Сельсовет "Мехельтинский"» росдал поселениялъул администрациялъ росабазда гьоркьосел нухазда донкІахарал бакІал къачІазе, райцентралда свераби ругел бакІазда нухдасан хьвадиялъе хІинкъи гьечІеб хІал букІинабизе, МухІидин ГІалиевасул миналда аскІоб щулалъиялъе къед гьабизе.

Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб ОГИБДДялда тІадкъана церехун рехсарал ва цогидали хІалтІаби тІуразариялда хадуб хъаравуллъи кквезе.

**Къурмагъиз ХІадисова**

УНТАРАЗУЛ ТІАЛАБ ТІОБИТІУЛАГО

# Санитариябгун рахунел унтабазде дандечІараб комиссиялъул данделъи

**Гумбет районалъул администрациялда цебе гІуцІараб санитариябгун рахунел унтабазде дандечІараб комиссиялъ (председатель Гумбет районалъул администрациялъул бетІерасул заместитель ХІайбула ГІабдурахІманов) гІемер тІоритІула данделъаби ва гьоркьор лъола гІадамазул сахлъи, рахунел унтабазда гьел цІуниялда хурхарал суалал, къабул гьарула хадубккун хІалтІи лъикІлъизабиялде ралагьарал хІукмаби.**

Гьал кьояз данделъараб заседаниялда гьоркьор лъуна «Районалда рахунел унтаби тІиритІиялдаса цІуниялъул рахъалъ 2015 соналъул 9 моцІалъул хІасилал ва гьеб гІодобе ккеялъе гьабулеб бугеб хІалтІи», «2015 соналъ диспансеризация гьабиялъул бугеб хІал». Заседаниялъул хІалтІи бачана комиссиялъул нухмалъулев ХІайбула ГІабдурахІмановас.

ТІоцебесеб суалалда тІасан информациягун кІалъазе яхъана районалъул централияб больницаялъул рахунел унтабазул врач **Халисат ГІалиева.** Гьелъ бихьизабуна 2015 соналъул 9 моцІалъ 2014 соналъул гьебго заманалде дандеккун рахунел унтаби загьирлъи гІезегІанго дагьлъун ругин. Масала, дагьлъун буго дизентериялъ, аскаридозалъ, тІогьилалъул унтиялъ, меседалъ (корь) унтаразул къадар.

Гьебго заманалда цІикІкІун руго тІадерахъиялъ, энтеробиозалъ унтиялъул хІужаби.

Рахунел унтабазда-са цІуниялъул къагІидаби гІадамазда лъазе, гьел тІиритІи гьукъизе медицинаялъул хІалтІухъабаз гарачІвариял гьарула, санбюлетенал хІадурула, лекциял цІалула. Рахунел унтабаз унтарал хехго больницаялда регизарула, унтаразда аскІор гІумрутІамулезда хадуб хъаравуллъи чІезабула, гьединазул рукъзабахъе щола.

Комиссиялъул данделъиялда гьоркьоб лъураб тІоцебесеб суалалда тІасан кІалъана санитариябгун рахунел унтабазде дандечІараб комиссиялъул председатель ХІайбула ГІабдурахІманов, районалъул централияб больницаялъул бетІерав врач **МухІамад СайгидахІмадов,** районалъул педиатр **Марьям Жанахъаева,** Россиялъул МВДялъул Гумбеталъул отделалъул



участковиял уполномоченниязул нухмалъулев **УхІумагІали Загьидов.**

КІалъазе рахъараз абуна рахунел унтаби тІиритІичІого хутІиялъе гьабулеб хІалтІи лъикІ бугилан. Рищни-къул баччи Игьали, Гьарадирихь, МелъелтІа, ЛъаратІа росабалъ лъикІ гІуцІун буго.

КІвар кьолеб буго иццул бетІерал, лъинал рачарал бакІал къачІаялде.

Рицана хІалтІулъ ругел гІунгутІабазулги. Масала, сахлъи цІуниялъул цолъиялда лъазабулеб гьечІо бруцеллез унти батарал боцІул бетІергьабазул цІарал. ГІадамазде гьеб бахун бугищан жиндир заманалда халгьабизе рес кьолеб гьечІо хьван гьединазул сияхІ райветуправлениялдасан бачІунгутІиялъ. Туберкулез унти тІатинабиялъе манту лъеялдаса эбел-инсуца инкар гьабураб 70 лъимер бугин районалдаян рехсана, гьездасан ЧІиркъатІа росулъ 40. Прививка гьабуралги гьабичІелги лъимал школаздеги лъималазул ахакьеги цадахъ хьвадулел руго. Прививка гьабизе биччачІел лъималазда унти батани, сахазде бахиналъул хІинкъи цІикІкІунеб буго.

Росабалъе ун унтаби тІатинариялъе квалквал ккoлеб буго «хьвадулеб» флюорографиялъул аппарат хун букІиналъги.

Комиссиялъул заседаниялда гьоркьоб лъураб диспансеризация гьабиялъул бугеб хІалалъул хІакъалъулъ бицана райбольницаялъул профкабинеталъул медсестра **ПатІимат МухІамадовалъ.**

2015 соналъул байбихьуда 3626 чиясул диспансеризация гьабизе хІисабалде босун букІана, 9 моцІалъ гьабуна 2755 чиясул. Гьездасан, унтарав 800 чиясе кІиабилеб этапалда гьабизеги бихьизабун букІана, гьеб этапги 751 чиясул тІубана. Халгьабулаго загьирлъана чакаралъул унти, беразул, кванирукъалъул, гьъурузул унтаби, бидул тІадецуй цІикІкІин ва цогидалги. Диспансеризациялъул заманалда ва хадубккунги унтаразе гьаруна малъа-хъваял.

КІалъазе рахъараз, тІадчІей гьабуна диспансеризациялъул планал тІуразариялъе квербакъи гьабилаанин поселковиял советазул администрациязул бутІруз гьелъулъ жигараб гІахьаллъи гьабулебани, халгьабизе жиде-жидер росулъа (хасго рикІкІадегІан ругел) гІадамал диспансеризация гьабулел бакІазде щвезари гІуцІиялъ.

Комиссиялъул членаз киналго разилъун къабул гьабуна гІатІидаб хІукмуги.

**Къурмагъиз ХІадисова**

ИНФОРМАЦИОННАЯ ПОЛИТИКА

# Совещание по вопросу организованного проведения микропереписи населения 2015 года состоялось в селении Чирката Гумбетовского района

**Главный специалист- эксперт Территориального органа Федеральной службы государственной статистики в с. Мехельта Магомед Лабазанов провел совещание по вопросу проведения микропереписи населения в районе.**

На мероприятии присутствовали заместитель главы администрации района **Ахмед Керимов** и глава администрации населенного пункта с.Чирката, в которой будет проводиться микроперепись населения -2015 года **Хадисгаджи Магомедов**

С информацией по данному вопросу выступил главный специалист-эксперт Территориального органа Федеральной службы государственной статистики в с.Мехельта Магомед Лабазанов.

В ходе совещания обсуждались вопросы организации подготовительных мероприятий, которые должны способствовать успешному проведению микропереписи 2015 года.

Микропереписи населения в селении Чирката будет привлекать один переписчик. При себе будут иметь удостоверение Росстата с фотографией, браслет синего цвета с надписью «Росстат» и сумку синего цвета с надписью «Росстат».Спрашивать какие- либо документы при опросе населения переписчик не должен. Он задаст 28 вопросов по различным темам.

Переписчик спросит о возрасте, национальной принадлежности, состоянии в браке, уровне образования, состоянии здоровья, гражданстве и владении языками, видах источников средств к существованию (без указания размера дохода), экономической активности, составе домохозяйства, сколько детей вы хотели бы иметь. В переписные листы добавлены вопросы о гражданстве, состоянии здоровья и хронических заболеваниях. «В отличие от переписи при микропереписи населения будут более широко изучаться вопросы, связанные с демографической ситуацией, сложившейся в стране, что позволить улучшить благосостояние населения т.е. для разработки мер адресной помощи населению, повышения качества услуг здравоохранения и образования», - заметил Магомед Лабазанов. Он также подчеркнул, что особое внимание работники системы государственной статистики уделяют сохранности полученной информации. И это несмотря на то, что адрес и фамилия, имя, отчество не ведется переписчиком в планшетный компьютер, лица нарушившие конфиденциальность данных, будут привлечены к административной ответственности.

«Главам администраций сельских поселений, где пройдет перепись, необходимо провести работу по подбору служебных помещений, оборудованных мебелью, телефон - интернет связью и металлическим шкафом для хранения переписных инструментарий и провести разъяснительную работу с населением о необходимости проведения микропереписи населения 2015 года» подчеркнул заместитель главы администрации Ахмед Керимов, завершая совещание.

В ЗДОРОВОМ ТЕЛЕ - ЗДОРОВЫЙ ДУХ

# Нужна ли прививка против гриппа?

**В ГБУ РД «Гумбетовской ЦРБ» завершилась работа по проведению осенней туберкулинодиагностики новым диагностическим тестом «диаскинтест». Обследованы все школьники по району и ЗОЖ, а также дети дошкольного возраста, неохваченные весной туберкулинодиагностикой.**

Этот метод является самым распространенным мероприятием по улучшению раннего выявления и профилактики туберкулеза среди детей и подростков.

Детям от 1 до 7 лет ежегодно проводится туберкулино иагностика, а детям из групп риска 2 раза в год. Положительно реагирующих детей необходимо обязательно обследовать на выявление туберкулеза или инфицированность (вираж, нарастание, гиперэргия). Детей с подозрением на заболевание туберкулезом направить в детское диспансерное отделение тубдиспансера на дообследование.

Инфицированных детей необходимо взять на учет и провести химиопрофилактику туберкулеза не менее двумя противотуберкулезными препаратами. Эти дети должны находиться под наблюдением до получения отрицательных результатов туберкулинодиагностики. Для выявления источника инфекции, надо обследовать все окружение детей (родителей, близких всех родственников).

Детям от 8 до 15 лет ставится тест - диаскинтест. Детям с положительной пробой диаскинтест полностью обследовать на выявление туберкулеза (общие анализы, рентгенография, бактериологическое обследование) и детей с подозрением на туберкулез направить в тубдиспансер на дообследование.

Подростков от 15 до 18 лет один раз в год ФЛГ обследование и диаскинтест.

В настоящее время проводится работа, направленная на обследование положительно реагирующих детей на диаскинтест и пробу манту. Уже 4 детей направлено на дообследование и консультацию фтизиатра противотуберкулезный диспансер. Но также остается определенный контингент детей родители, которых необоснованно отказываются не только от вакцинации, но и от проведения данного диагностического теста, не понимая значимость и крайнюю необходимость его проведения. Если хоть один больной туберкулезом выявлен в одном населенном пункте, то все это село считается очагом инфекции и все люди контактами, которых необходимо в обязательном порядке обследовать. А дети это особо подверженный инфицированию контингент, которым необходимо уделять внимание. Разве есть на свете что - либо важнее здоровья наших детей. Необходимо и родителям и учреждениям образования проявлять интерес и оказывать всяческую помощь медицинским работникам в плане обследования детей с положительными пробами манту и диаскинтест.

Также один из важнейших противоэпидемических мероприятий осеннего периода считается проведение вакцинации против гриппа не только детского населения, но и взрослых.

**Нужна ли прививка против гриппа?**

Дебаты по этому вопросу не прекращаются и в интернете, и в СМИ, и, конечно же, среди людей. С одной стороны анти прививочные группы, анти прививочные передачи, сюжеты, истории, а с другой мировая научная медицина с ее статистикой и данными. Очень печально, что некоторые родители отказываются прививать своих детей по различным причинам и агитируют следовать их примеру других. Медицина бьет тревогу в острых вопросах по вакцинации. В чем же причина столь пристального внимания к прививкам? И почему вообще это проблема заявила о себе во весь рост? Всемирная организация здравоохранения (ВОЗ) выступает за вакцину и пропагандирует ее применение, приводя научно доказанные факты и медицинские показатели. Со своей стороны противники вакцинации выдвигают ряд аргументов, приводят примеры о побочных действиях, призывая людей отказаться от прививок вообще. При этом согласно заключению экспертов ВОЗ большинство доводов «антивакцинаторов» не подтверждаются научными данными и характеризуются как тревожное и опасное заблуждение. Нужно отметить, что религия не запрещает и не ограничивает человека в вопросах профилактики здоровья, предупреждения болезней. И даже наоборот, призывает к бережному отношению к своему здоровью.

Грипп - острое инфекционное заболевание с воздушно-капельным механизмом передачи возбудителя, характеризуется высокой контагиозностью и быстротой распространения, острым началом, лихорадкой, выраженной интоксикацией и поражением дыхательных путей. Во время эпидемии гриппа удельный вес этого заболевания среди всех ОРЗ достигает 80% и более.

Начинается грипп остро с катаральных явлений и выраженной интоксикацией. Озноб, резкая головная боль, светобоязнь, боль в мышцах, суставах, резкая общая слабость. Температура тела повышается 38-40 градусов.

Наиболее грозным осложнением гриппа является инфекционно - токсический шок, проявляющийся сердечно - сосудистой недостаточностью, отеком легких, отеком головного мозга, диссеминированным внутрисосудистым свертыванием крови. Отек мозга чаще развивается у детей и лиц старческого возраста, проявляется нарушением сознания и явлениями менингизма.

Инфекционно- токсический шок, респираторный дистресс-синдром взрослых, кровоизлияние в головной мозг - наиболее частые причины смертельных исходов, наблюдающихся при тяжелых и гипертоксических формах гриппа.

Наиболее частое осложнение гриппа в 15-30 % случаях это тяжелая пневмония, которая очень плохо поддается лечению.

Чтобы оградить себя и своих близких от заболевания гриппом и его тяжелых последствий необходимо провести профилактические мероприятия. Решающее значение для профилактики гриппа, по мнению ВОЗ, имеет вакцинация, ведь известно, что лучше предупредить болезнь, чем потом его лечить. Для вакцинации детей используется вакцина гриппол «плюс».

Вакцина гриппозная тривалентная инактивированная полимер-субъединичная представляет собой, протективные антигены (гемаглютинин и нейраминидаза), выделенные из очищенных вирусов гриппа типов А и В, выращенных на куриных эмбрионах, связанные с водорастворимым высокомолекулярным иммуноадъювантом N оксидированным производным поли-1,4-этиленпиперазина. Антигенный состав вакцины изменяется каждый год в соответствии с эпидемической ситуацией и рекомендациями ВОЗ.

Вакцина является высокоочищенным препаратом, хорошо переносится детьми и взрослыми.

Вакцина Гриппол® плюс может применяться одновременно с другими инактивированными вакцинами Национального календаря профилактических прививок (за исключением БЦЖ и БЦЖ-М) и инактивированными вакцинами календаря профилактических прививок по эпидемическим показаниям (за исключением антирабических). При этом должны учитываться противопоказания к каждой из применяемых вакцин, препараты должны вводиться в разные участки тела разными шприцами.

Вакцина может вводиться на фоне базисной терапии основного заболевания.

Детям от 6 до 35 месяцев включительно — по 0,25 мл двукратно с интервалом 3-4 недели.

Детям старше 36 месяцев и взрослым вакцину вводят однократно в дозе 0,5 мл.

К детям, имеющим какие-либо хронические заболевания, страдающим аллергией или с ослабленным иммунитетом, нужен индивидуальный подход. Для них рекомендована консультация иммунолога или врача-специалиста, но, в любом случае, вакцинация необходима и таким детям.

Но если Вы всё, же решили отказаться от проведения профилактических прививок подумайте еще раз стоит ли?

**Будьте здоровы!**

**Марьям Джанакаева,**
**районный педиатр**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

# Хъвай нилъерго «Гумбет» газета

### Подписка - 2016

**Хириял районцоял! Байбихьун буго 2016 соналъе газетал ва журналал хъвазе, гьездаго гьоркьоб нилъерго районалъул «Гумбет» газеталъеги подписка гьабизе. Гьеб хъвазе бегьула росабазул почалъул отделениязда-санги, «Гумбет» газеталъул редакциялдасанги.**

Районалъул гIумру бихьизабулеб матIу ккола райгазета. Гьелдасан нужеда лъала районалъул гIумруялъул, гьелъул цIилъабазул, церечIарал масъалабазул хIакъалъулъ.

ХIурматиял росабазул администрациязул бутIрул, районалъул идарабазул, гIуцIабазул нухмалъулел, газета цIалулел! ХIаракат бахъе цIияб соналъе «Гумбет» газета щивав хIалтIухъанас хъвазе, щибаб коллективалъ редакциялъулгун щулияб бухьен кквезе. Ниж божарал руго, нужер кумекалдалъун 2016 соналъ газета хъвалезул къадар цIикIкIине букIиналда.

**Газеталъул багьа лъагIалие:**
**Почалдасан – 264 гъуруш.**
**Редакциялдасан – 160 гъуруш.**

**Бащдаб лъагIалие:**
**Почалдасан – 132 гъуруш.**
**Редакциялдасан – 80 гъуруш.**

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**

БетIерав редактор ХIамзат ГIизудинов телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь Къурмагьиз ХIадисова
Корреспондентал: ГIайшат Исламбиева, Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1339
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.